

**PIWULANG BAB PANGERAN, KAPANGERANAN SAJRONE “SERAT NGABDUL JALIL”
KABANDHINGAKE Klawan “SUFISME SYEKH SITI JENAR”**

YOHANNA PUTRI SEPTYA ARISANDY

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
yohannas.1@mhs.unesa.ac.id

Drs. H. Bambang Purnomo, M.S

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Serat Ngabdul Jalil (SNJ) ngemot crita ngenani paraga kang asmane Ngabdul Jalil kang uga sinebut Syekh Siti Jenar. *SNJ* nyritakake kahanane Syekh Siti Jenar nalika nyinaoni ngelmu sejati, wahdatul wujud, ilmu junun, ilmu usuluddin, lan ilmu liyane. *SNJ* ngandharake bab-bab kang gegayutan klawan lakune Syekh Siti Jenar nalika nyinaoni ilmu-ilmu kasebut marang Sunan Ampel. *SNJ* uga nyritakake Ki Ageng Sela, kejaba kuwi uga ngrembug piwulang kang diwedharake dening pangriptane serat. Akeh kang ora sarujuk klawan ajaran kang digawa Syekh Siti Jenar ngenani manunggaling kawula Gusti. Kejaba ana kang ora sarujuk, nanging uga ana kang mbenerake apa kang diwawas dening Syekh Siti Jenar. Iki kang narik kawigaten, kepriye tasawuf kang diwulangake dening Syekh Siti Jenar mligine ing *SNJ* iki. Kejaba piwulang sajrone *SNJ*, panliten iki uga bakal mbandhingake klawan *Sufisme Syekh Siti Jenar (SSSJ)* kang uga ngrembug Syekh Siti Jenar.

Ancase saka panliten yaiku kanggo medharake piwulang kang digawa dening syekh Siti Jenar sajrone *SNJ* lan *SSSJ*. Panliten iki nggunakake tintingan intertekstualitas amarga medharake serat kang jumlahhe loro. Tata carane ninthingi saka gabungan metodhe analisis deskriptif kang asipat komparatif.

Asile panliten yaiku piwulang kang diwulangake dening Ngabdul Jalil sajrone *SNJ* lan Syekh Siti Jenar sajrone *SSSJ* nduweni pepadhan babagan salat kang ditindakake yaiku salat wajib lan sunah, sasahidan ngenani kalimah syahadat, laku zuhud lan manunggaling kawula Gusti. Manunggaling kawula Gusti yaiku manunggaling rasa lan kepasrahan dhirine Syekh Siti Jenar marang Pangeran. Dadi kang dipikirake wong ngenani tembung Syekh Siti Jenar kang ngaku Pangeran kuwi sejatine dudu mangkono. Kuwi mujudake rasa pasrahe Syekh Siti Jenar menawa kabeh kang ana ing dhirine mujudake pangejawantahane Pangeran.

Tembung-tembung wigati : pangeran, kapangeranan, sufisme

BAB I

PURWAKA

Isine bab I iki ngenani (1) pamurwane panliten, (2) underane panliten, (3) tujuwan panliten, (4) paedahe panliten, (5) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangepe diandharake ing ngisor iki.

PAMURWANE PANLITEN

Manungsa minangka titah Pangeran Kang Maha Kuwasa, manungsa nduweni kuwajiban manembah lan setya tuhu nindakake kuwajibane. Ngendikane para winasis, olah kajiwan kang kudu ditindakake dening manungsa saiki tansaya ditinggalake. Perkara iki kabukten yen dideleng saka tumindake manungsa kang ora preduli marang kuwajibane. Akeh manungsa kang ngaku nduweni agama, nanging dheweke ora gelem nindakake kuwajiban tumrap agamane.

Pangeran dingerteni mujudake Dzat kang diyakini, dipuja-puja, lan disembah dening manungsa minangka dzat Kang Maha Kuwasa. Kapangeranan ora

nduweni konsep kang disarujuki kanthi gamblang. Bakhtiar (1999:79) ngandharake kapangeranan miturut paham Theisme Pangeran mujudake pangripta uga kang ngatur sekabehe kedadeyan kang ana ing jagad gumelar. Miturut paham Deisme Pangeran mujudake pangripta jagad nanging ora melu ngatur apa kang ana ing jagad iki. Paham Panteisme nganggep menawa Pangeran kuwi iya jagad gumelar kuwi, dene paham monotheisme nduwe pamawas menawa Pangeran kuwi mung ana siji. Pangeran ora awujud apa-apa, nduweni kapribaden, minangka sumber sekabehe moral, lan perkara gedhe kang bisa direnungake (Sangkan, 2009:78).

Tembung Pangeran ora uwal saka tembung sufisme, amarga pawongan kang nduweni kekarepan ngaweruhi sejatine Pangeran lumantar sufisme kang diandharake dening para winasis. Tembung sufisme, tasawuf, utawa suluk wis akeh kawedhar dening para ahli. Ana kang medharake tegese sufisme, tata lakune sufisme, paraga kang nggawa ajaran sufisme, lan panemu kang beda-beda tumrap sufisme. Sufisme dingerteni minangka

paham kanggo meruhi sejatine Pangeran. Haeri (2000:1) ngandharake sufisme mujudake sawijining paham kang biasane digayutake karo olah kajiwan manungsa kanggo nggayuh sejatine Pangeran. Sufisme minangka ruhe Islam, kang tuwuh klawan anane kasadharane manungsa.

Wahyudi (2013: 26) ngandharake akeh wong kang ngaku wicaksana, nanging ora laras klawan tumindake. Wong wicaksana (*arif*) kuwi kudu nindakake apa kang bisa nyedhakake dhirine marang Pangeran, tegese bisa nindakake tata lakune tasawuf. Tata lakune tasawuf kaya kang wis disebutake mau, nduweni titikan dhewe-dhewe lan bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Kapisan, syariat utawa misuwur diarani sarengat ing basa Jawa. Sarengat mujudake aturan kang ditindakake kanggo nyedhakake manungsa klawan Allah kanthi nindakake rukun Islam. Tim Penyusun Mata Kuliah Dasar (2011:275) ngandharake yen sarengat mujudake aturan kang ditemtokake dening Allah SWT minangka dhasare Iman lan Islam kang arupa hukum-hukum ngenani tumindak dzahir(lair)e manungsa. Hukum-hukum iki adhedhasar Al Qur'an lan Al hadist.

Kapindho, tarekat mujudake sistem sajrone nindakake olah jiwa, kanggo ngresiki dhiri saka sipat-sipat kang ala dadi sipat-sipat kang becik (Nata, 2008:270).

Katelu, hakekat mujudake kawruh-kawruh kang wis cetha ngenani perkara-perkara kang asipat ghaib kang tuwuh sajrone ati (TIM MKD, 2001:287). Hakekat mujudake kawruh ngenani perkara kang ora katon kang wis ana sajrone ati. Perkara mau kayata menawa ora ana bebaya, ora ana kang migunani, ora kang menehi anugrah kejaba Gusti Allah. Kanthi teges liyane hakekat mujudake sadhare ati menawa Gusti Allah minangka siji-sijine Dzat kang bisa ngobahake samubarang, kang bisa menehi pituduh, kang bisa ndadekake mulya.

Kapapat, miturut Nata (2008: 222) makrifat mujudake kawruh kang dipikolehi lumantar ati. Mulkhan (2002:54) ngandharake makrifat tumrap wong sufi mujudake peparingan utawa rahmat saka Allah minangka sawijine kabisan kanggo meruhi lan nyumurupi Allah kanthi tanpa anane wasilah saka asma lan sipat-sipate Allah kasebut. Makrifat mujudake kawruh ngenani rahasia-rahasiane Pangeran kang diweruhi nggunakake ati.

Karya sastra Jawa kang ngrembug tasawuf kayata, *Serat Wirid Hidayat Jati*, *Serat Minhajul Atqiya'*, *Suluk Syekh Siti Jenar*, *Suluk Wujil*, *Suluk Sujinah*, *Suluk Ngabdul Salam* lan sapanunggal kang medharake tasawuf ing tanah Jawa. Kejaba serat-serat kasebut, serat kang uga ngrembug tasawuf salah sijine yaiku *Serat Ngabdul Jalil* kang ditulis dening Mangun Prawiro. *Serat Ngabdul Jalil* minangka serat kang kalebu Sastra Jawa Anyar, amarga *Serat Ngabdul Jalil* kalebu karya etik kang ngrembug tema religious lan didaktik. Adhedhasar andharan mau, karya etik kalebu pamerangane sastra Jawa Pesisiran.

Serat Ngabdul Jalil iki wis ditransliterasi dening Setya Yuwana Sudikan sakanca lan diterbitake dening Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta taun 1997. *Serat Ngabdul Jalil* ditulis dening Mangun Prawiro, ing taun 1938. Kabukten saka pethikan iki.

Ingkang nyerat, Mangun Prawiro.
Magen dhusun, Pagerluyung.

Onderdhistrik, Gedhek.

Kitha Majakerta

Tanggal kaping 25 Nopember taun 1938.

Sajrone kapustakan, para winasis akeh kang ngandharake menawa Syekh Siti Jenar mujudake wali kang *kontroversial*, wali kang kesasar, kang mulangake tasawuf kanthi ora bener. Syekh Siti Jenar dianggep minangka wali kang luput, nganti ing pungkasan ana kang ngandharake menawa dalan patine krana pikantuk paukuman pati saka wali sanga. Kejaba kuwi uga diandharake menawa dalan patine krana Syekh Siti Jenar milih dalan patine dhewe.

Akeh kang ora sarujuk klawan ajaran kang digawa Syekh Siti Jenar ngenani manunggaling kawula Gusti. Kejaba ana kang ora sarujuk, nanging uga ana kang mbenerake apa kang diwawas dening Syekh Siti Jenar. Iki kang narik kawigaten, kepriye tasawuf kang diwulangake dening Syekh Siti Jenar mligine ing *Serat Ngabdul Jalil* iki.

Panliten iki bakal ndadekake transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* kang wis disebutake ing ndhuwur minangka objek panliten. *Serat Ngabdul Jalil* ing panliten iki bakal diudhahi kanthi teori hermeneutika kanggo mangerteni isi lan makna teks sajrone serat. Hermeneutika digunakake sajrone panliten iki krana hermeneutika nduweni guna kanggo mangerteni lan napsirake kitab suci utawa kang gegayutan klawan agama (Ratna, 2013:45).

Kejaba nggunakake hermeneutika, panliten kang bakal ditindakake iki uga bakal nggayutake antarane transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* klawan buku *Sufisme Syekh Siti Jenar* anggitané K.H. Muhammad Shodikin, mula panliten iki uga bakal nggunakake pamarkan interteks. Pamarkan iki nduweni tujuwan kanggo mangerteni pepadhan lan pambada antarane transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* lan buku *Sufisme Syekh Siti Jenar*. *Sufisme Syekh Siti Jenar* mujudake tinthingan saka *Serat* lan *Suluk Syekh Siti Jenar*. *Sufisme Syekh Siti Jenar* medharake lakone Syekh Siti Jenar nyinaoni ilmu sufi lan piwulang-piwulang kang digawa.

Piwulang sajrone buku *Sufisme Syekh Siti Jenar* kang bakal ditandhingake klawan transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* yaiku babagan manunggaling kawula Gusti. Perangan iki dijupuk amarga sajrone kekarone kang luwih ditengenake yaiku manunggaling kawula Gusti. Manunggaling kawula Gusti uga kerep dadi pitakon lan debate para penikmat tasawuf. Iki kang ndadekake narik kawigaten kanggo diteliti. Perkara iki ora ateges piwulang liyane ora ditengenake, nanging perkara-perkara kang gayut klawan manunggaling kawula Gusti luwih akeh diwedhar.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar pamurwane panliten kaya ing ndhuwur, mula underane panliten sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye isine teks *Serat Ngabdul Jalil*?
- 2) Kepriye piwulang bab Pangeran sajrone teks *Serat Ngabdul Jalil*?
- 3) Kepriye piwulang bab kapangeranan sajrone teks *Serat Ngabdul Jalil*?

- 4) Kepriye intertekstualitas piwulang Manunggaling Kawula Gusti sajrone teks *Serat Ngabdul Jalil* lan *Sufisme Syekh Siti Jenar*?

TUJUWANE PANLITEN

Adhedhasar underane panliten kaya ing ndhuwur, mula tujuwan sajrone panliten iki kaya mangkene.

- (1) Ngandharake isine teks *Serat Ngabdul Jalil*.
- (2) Ngandharake piwulang bab Pangeran sajrone teks *Serat Ngabdul Jalil*.
- (3) Ngandharake piwulang bab kapangeranan sajrone teks *Serat Ngabdul Jalil*.
- (4) Ngandharake intertekstualitas piwulang Manunggaling Kawula Gusti sajrone teks *Serat Ngabdul Jalil* lan *Sufisme Syekh Siti Jenar*.

PAEDAHE PANLITEN

Asile panliten iki awujud andharan ngenani Pangeran, kapangeranan, lan manunggaling kawula Gusti. Saka asil panliten kuwi bisa menehi paedah teoretis lan paedah praktis sing diandharake ing ngisor iki.

Paedah Teoretis

Kanthi teoritis, panliten iki menehi sumbang sih marang pangrembakane panliten piwulang tasawuf. Saliyane kuwi panliten iki bisa aweh pambiyantu marang pamaos kanggo mangerteni wujud lan tata cara nindakake tasawuf.

Paedah Praktis

Aspek praktise, panliten iki menehi paedah tumrap panliti, tumrap pamaca, lan tumrap panliti liya.

- (1) Tumrap panliti, panliten iki bisa nambahi kawruh sajrone analisis sastra, mligine sastra klasik kang ngemot babagan sufisme.
- (2) Tumrap pamaos, panliten iki bisa manehi tambahan kapustakan kang minangka kawruh tambahan tumrap pamaca, uga menehi tambahan pamikiran tumrap pamaos kang nduweni pirembungan kang padha.
- (3) Tumrap panliti liya, panliten iki diarepake bisa menehi kawruh tambahan tumrap panliten kang bakal ditindakake.

PANJLENTREHE TETEMBUKUNGAN

- (1) Sarengat
Sarengat kang uga sinebut kanthi tembung syariat yaiku aturan kanggo nyedhakake manungsa klawan Allah kanthi nglakoni rukun Islam lan ngupaya golek pangupajiwa kanggo nyukupi kabutuhan uripe kanthi nggatekake halal lan mubah, uga ngedohi barang kang haram (Mul Khan, 2002: 184).
- (2) Tarekat
Dalan, cara utawa metode. Tarekat tegese nindakake ibadah kanthi sakhusyuk-khusyuke. Nindakake tarekat kudu ana guru kang mbimbing, amarga sajrone tata cara ngibadah uga akeh variasi, kayata sajrone dzikir, ndonga, tindak-tanduk, lan sapanunggal. Mula tarekat dadi aliran kang khas lan jenenge uga minangka asmane wong kang ngadegake sepisanan, kayata tarekat Qodiriah kang dipimpin

dening Syekh Abdul Qodir Al Jaelani (Sudardi, 2003:7).

- (3) Hakekat
Trap-trapan sajrone tasawuf kanggo ngadhepi bebener. Trap-trapan iki nuduhake ngrembakane kesadharan ngenani hakekate donga lan manembah marang Gusti kanthi pamahaman kang jero (Endraswara, 2003:128).
- (4) Makrifat
Kawruh kang dipikolehi lumantar akal, tumrap wong sufi minangka peparingan utawa rahmat saka Allah minangka sawijine kabisan kanggo meruhi lan nyawang Allah kanthi tanpa anane wasilah saka asma lan sipat-sipate Allah kasebut (Mul Khan, 2002:54)
- (5) Hermeneutika
Cara kanggo ngerteni sawijining karya sastra kanthi tetimbangan menawa karya sastra iku sing paling cedhak karo agama (Ratna 2013: 45)

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Saemper

Panliten-panliten sadurunge kang dianggep saemper lan bisa dadi sumber utawa tetimbangan lan pambandhing tumrap panliten iki yaiku

- (1) Panliten kang ditindakake Faris Saiful Hayyat (2012) kanthi irah-irahan “*Nilai Sufistik Sajrone Naskah Sayyidil Makrifat*”. Objek kang digunakake ing panliten iki arupa naskah Jawa Pesisiran yaiku Naskah Sayyidil Makrifat. Panliten iki ngandharake nilai-nilai sufistik kang kinandhut sajrone naskah Sayyidil Makrifat kang kaperang dadi telu yaiku (1) hakikate Gusti Allah, kang nyritakake dumununge Gusti Allah, (2) iman kang ditindakake, lumantar sembahyang, dzikir, tafakur, lan (3) sipat wajib Gusti Allah kang kaperang dadi papat yaiku; sipat Jalal, sipat Jamal, sipat Kahar, lan sipat Kamal. Panlitene Faris beda yen dibandhingake klawan panliten kang bakal katindakake. Bedane yaiku panliten kang bakal katindakake luwih nengenake konsep tasawuf lan akhlak tasawuf, sarta kepriye gegayutane *Serat Ngabdul Jalil* klawan *Sufisme Syekh Siti Jenar*.
- (2) Panlitene Huda Setiawan (2012) kang nduweni irah-irahan “*Ajaran Sufisme sajroning Naskah Syarah Minhajul Atqiya*”. Panliten kanthi objek naskah Syarah Minhajul Atqiya’ iki ngrembug piwulang sufisme sajrone naskah Minhajul Atqiya’. Naskah kang wujud gancaran iki ngandhut ajaran sufisme kang diperang dadi sepuluh, yaiku; (1) sejatine iman marang Allah SWT, (2) hukume shalat, (3) shalat jama’ah, (4) ngenani tholibul ilmi, (5) golek nafkah, (6) kekancan, (7) tawakal, (8) laku zuhud, (9) ikhsanul amal, lan (10) riya’. Panlitene Huda nduweni pepadhan klawan panliten iki yaiku ngenani saperangan akhlak tasawuf sajrone *Serat Ngabdul Jalil* kang bakal diwedhar.
- (3) Panliten kang ditindakake dening Siti Ekawati (2012) kanthi irah-irahan *Mistik Kejawen sajrone Serat Wirid Krajan*. Panlitene Siti nggunakake objek *Serat Wirid Krajan* lan ngrembug mistik kejawen. Asile

panliten iki kaperang dadi loro yaiku bab Gusti Allah lan pandam pandoming uripe wong Jawa. Bab Gusti Allah dijlentrehake ngenani Dzat, Asma, Sipat, Apngal, lan konsep martabat pitu. Bab pandam pandoming uripe wong Jawa diperang miturut sesambungane manungsa klawan Allah, sesambungane manungsa klawan manungsa, lan sesambungane manungsa klawan alam. Sesambungan-sesambungan kasebut kang dadi piwulang supaya manungsa bisa nggayuh kasampurnane urip. Panlitene Siti nduweni pambeda menawa dibandhingake klawan panliten kang bakal ditindakake yaiku ngenani mistik kejawen kang ora ana ing panliten iki. Panliten kang bakal katindakake ngrembug tata lakune tasawuf, akhlak tasawuf lan intertekstualitas antarane *Serat Ngabdul Jalil* klawan *Sufisme Syekh Siti Jenar*.

Tasawuf

Akeh kang ngandharake tegese tasawuf. Kang kapisan, tasawuf saka tembung Ibu Sauf, yaiku minangka wong Arab kang urip sadurunge Islam teka, dheweke tapa ing sakupenge kambah kanggo nyedhaki Allah (Purnama, 2011:51). Kapindho, saka tembung *sufah* kang digunakake minangka nama surat ijazah wong kang budhal kaji (Sudardi, 2003:14). Katelu, saka tembung *safa* kang nduweni teges resik lan suci (TIM, 2011:226). Kapapat, saka tembung *suffah*, minangka jeneng sawijine papan ing mesjid Medinah kang digunakake Nabi Muhammad mulangake Islam. Kalima saka tembung *suf* kang ateges wulune wedhus. Asale tembung *suf* kang mujudake tembung tasawuf laras klawan kaidah basa Arab.

Miturut Sudardi (2003:16) tembung tasawuf wiwit muncul ing abad kaloro taun Hijriah. Kang kapisan pikantuk gelar sufi yaiku Abu Hasyim saka Kufah. Abu Hasyim nindakake panguripan rohani kanthi cara urip saderma lan ninggalake gumebyare donya. Ajaran tasawuf banjur ngrembaka saka Irak menyang dhaerah-dhaerah sakupenge, rong abad sabanjure istilah sufi lan tasawuf wis dadi istilah khas sajrone kabudayan Islam nganti saiki.

Paham tasawuf sabanjure diperang-perang dadi rong paham tasawuf. Rong paham kasebut yaiku kang kapisan, kelompok kang ngupaya nggoleki makrifat utawa hakikate sekabehe. Paham iki dipangaribawani dening filsafat Yunani. Kapidho, kelompok kang ngupaya ngresiki jiwa kanthi ibadah, mutusake sesambungan klawan donya saengga dheweke mabuk marang Pangeran.

Endraswara (2003: 67) ngandharake tasawuf minangka wujud mistik Islam kang ngupaya supaya atine manungsa bisa bener lan lurus sajrone nglewati dalanmenyang Pangeran. Tasawuf yaiku ajaran mistik kang diupayakake dening sakelompok umat islam lan dilarasake klawan ajaran Islam. Ajaran tasawuf sinebut hakikat utawa kasunyatan. Tujuwane tasawuf yaiku katentremane batin/rohani. Wiwitane, kaum tasawuf luwih nengenake *zuhud* kang tegese tumuju marang tumindak ngaurip kang sadherma lan ngadohi gumebyaring donya. Lumantar tasawuf, budi pakertine manungsa bakal bisa luwih alus. Trap-trapan sajrone tasawuf bisa diandharaka kaya iki.

Syari'at

Syariat utawa ing bebrayan Jawa sinebut sarengat, mujudake tembung serapan saka basa arab yaiku syariat. Sarengat mujudake aturan-aturan hukum, aturan iman, lan undang-undang moral kang ngatur tata lakune piwulang Islam (TIM, 2011:276). Sarengat minangka aspeke hukum Islam kang asipat lair. Dadi sarengat ngatur apa bae kang ditindakake dening manungsa kang gegayutane klawan amalan-amalan laire.

Sarengat mujudake aturan kanggo ngurmati lan urip laras klawan hukum-hukume agama. Paragane mistik kaum priyayi nindakake kuwajiban-kuwajiban kayata ngurmati wong tuwa, guru, lan ratu, kanthi sadhar menawa anggane ngurmati wong-wong kuwi minangka wujud ngurmati Pangeran. Dene kaum santri, nglakoni sarengat iki kanthi nindakake solat limang wektu kanthi tumemen. Kaum abangan uga ngurmati paugeran-paugeran sosial (Endraswara, 2003:127).

Ilmu syariat yaiku ilmu kang digunakake kanggo nyedhakake manungsa klawan Allah kanthi nindakake rukun Islam. Saliyane iku uga upaya golek pangupajiwa kanggo nyukupi kabutuhan uripe kanthi nggatekake halal lan mubah, uga ngedohi barang kang haram (Mul Khan, 2002: 184).

Syariat minangka hukum-hukum dhasar sajrone nindakake agama kang dening para pangikut tasawuf didadekake pathokan ilmiah. Aspek syariat yaiku nglakoni sholat, pasa, nindakake ibadah haji, uga paugeran-paugeran liya (Sudardi, 2003:6).

Tarekat

Tarekat asale saka tembung arab yaiku *thariqat*, tegese yaiku dalan, kaanan, aliran. Tarekat ditegesi kumpulane cara-cara kang asipat pamahaman, lan upaya kang bisa nggawa menyang tingkatan hakekat, utawa samubarang kang bener. Nata (2003:270) ngandharake tegese tarekat yaiku dalan utawa pituduh sajrone nindakake ibadah kang laras klawan piwulang kang dituduhake dening Nabi Muhammad. Piwulang kang uga ditindakake dening para sahabat-sahabate, tabi'in, tabi'it tabi'in kanthi turun-turunan nganti tumeka marang guru-guru ing jaman saiki.

Kalangan sufi mawas tarekat minangka sistem sajrone nindakake olah kajiwan, kanggo ngresiki dhiri saka sipat-sipat kang ala dadi sipat-sipat kang becik. Saliyane iku uga ngakeh-akehi dzikir kanthi iklas mung diniyati bisa pepanggihan klawan Gusti Allah kanthi cara nyawiji antarane ruhiah klawan Gusti Allah (Nata, 2003:270).

Tarekat mujudake cara utawa metode. Tarekat tegese nindakake ibadah kanthi sakhusyuk-khusyuke. Nindakake tarekat kudu ana guru kang mbimbing, amarga sajrone tata cara ngibadah uga akeh variasi, kayata sajrone dzikir, ndonga, tindak-tanduk, lan sapanunggal. Tarekat dadi aliran kang khas lan jenenge uga minangka asmane wong kang mandhegani, kayata tarekat Qodiriah kang dipimpin dening Syekh Abdul Qodir Al Jaelani (Sudardi, 2003:7).

Tarekat minangka *tingkatan* kapindho sawise sarengat. Tarekat minangka kesadharan tumrap bebener sajrone nindakake syariat kang diinsapi luwih jero lan prelu ditikelake. Upaya-upaya kang luhur lan kudu

kanggo meruhi Pangeran sajrone atine manungsa. Upaya iki ditindakake kanthi tumemen lumantar donga-donga ritual ora mung obahe awak lan pamacane ayat-ayat bae (Endraswara, 2003: 128).

Tarekat minangka pamulangan ngenani kepriye carane nyucekake dhiru lumantar ngibadah, yaiku kanthi cara ngadohake saka gumebyaring donya (zuhud) kanggo nggayuh kabagyan lan kaslametan selawase. Tarekat uga ditegesi minangka metode lakune para ahli tarekat tumuju marang Gusti kanthi cara nyucekake dhiru lumantar bimbingan Syekh utawa *mursyid*. *Mursyid* minangka guru pambimbing rohani kang nggulawenthah lan mbimbing murid-murid sufi sajrone laku tapa.

Hakekat

Sawise tarekat, para sufi wis tumeka ing trap-trapan hakekat. Ing trap-trapan iki bakal tuwuh kabisan ing dhiru sufi uga kesadharan tumrap realitas ghaib kang sadurunge durung dingerteni. Sajrone hakekat iki wong sufi dianggep bisa mangerteni barang-barang kang gaib kayata bisa ndeleng setan, krungu suwarane malaikat, mangerteni apa kang durung kedadeyan, lan bisa mangerteni sejatine samubarang. Wong sufi ing trap-trapan iki kudu ngrekas hawa nepsu, krana menawa nganti kagodha, dalan kang wis dilewati bakal siya-siya krana wis mlebu dalan kang salah (Sudardi, 2003:7).

Miturut Endraswara (2003:128) hakekat yaiku trap-trapan kanggo ngadhepi bebener. Trap-trapan iki nuduhake panngrembakane kesadharan ngenani hakekate donga lan manembah marang Gusti kanthi pamahaman kang jero. Mulder (2001:68) ngandharake menawa hakekat minangka patemon klawan bebener. Kasadharan tumrap intine shalat lan panembahan marang Gusti. Pamahaman kanthi jero menawa siji-sijine cara kanggo nuduhake manungsa ana yaiku dadi abdine Gusti.

Makrifat

Makrifat mujudake kawruh kang dipikolehi lumantar akal kang tumrap wong sufi minangka peparangan utawa rahmat saka Allah. Rahmat iki minangka sawijine kabisan kanggo meruhi lan nyumurupi Allah kanthi tanpa anane wasilah saka asma lan sipat-sipate Allah kasebut (Mul Khan, 2002:54).

Ketaatan tumrap sekabehe syariat kadhangkala ndadekake manungsa wis ngrasa cukup tanpa nglakoni dalan makrifat, saengga kadhang ndadekake lali. Awan bengi tansah ngumpulake bandha donya, nggoleki kalungguhan kang bisa nggedhekake kakuwasane. Dalan uripe mung kaya mesin krana syariate mung ditindakake adhedhasar wektu. Ing wektu-wektu tartamtu nindakake sholat, saben taun budhal haji, zakat mal diwenehake saben taun. Nanging kadhangkala dheweke lali lan nglalekake ora gelem nulung sapa-dha-padha kang nandang kasangsaran.

Makrifat dilakoni nalika manungsa wis nggayuh jumbuhing kawula lan Gusti. Ing trap-trapan iki, jiwane manungsa nggayut klawan jiwane jagad lan tumindake manungsa kaya-kaya mung laku, apa kang ditindakake sabendina kayata mergawe, samadi, turu, lan mangan dadi donga kanthi terus-terusan marang Gusti. Kanggo nggayuh papan iki manungsa kudu nindakake tapa, kayata tapa

kungkum, pasa, ndonga, ngekang hawa nepsu, meditasi, meleak bengi (tirakat) lan sapanunggal.

Wahdatul Wujud

Wahdatul wujud dumadi saka rong tembung, *wahdat* lan *al-wujud*. Wahdat tegese dhewe, tunggal, utawa nyawiji, dene *wujud* nduweni teges ana. *Wahdatul wujud* nduweni teges nyawijine wujud. Ing kaume ulama klasik, wahdatul wujud nduweni teges samubarang kang dzate ora bisa diperang-perang dadi perangan kang luwih cilik. Saliyane kuwi, tembung *al-wahdah* ditegesi dening ahli filsafat lan sufistik minangka manunggal antarane materi lan ruh, hakekat lan wujud, antarane sing lair lan sing batin, antarane alam lan Allah, amarga sejatine alam kuwi qadim kang asale saka Pangeran (Nata, 2008:247).

Wahdatul wujud sabanjure ditegesi paham menawa antarane manungsa lan Pangerane sejatine mujudake kamanunggalan. Antarane makhluk (manungsa) lan *khaliq* (Pangeran) sejatine siji lan nyawiji saka wujud Pangeran, dadi sejatine manungsa minangka wewayangane Pangeran. Paham iki ngibaratake menawa sajrone dhiru manungsa ana unsur lair lan batin, semono uga ing Pangeran uga ana unsur lair lan batin. Unsur laire manungsa minangka wujud wadhag kang katon, dene unsur batine yaiku ruh utawa jiwa kang ora katon. Unsur laire Pangeran yaiku sipat-sipat kapangeranan kang katon ana ing jagad iki, dene unsur batine yaiku Dzate Pangeran. Sajrone *wahdatul wujud* kang dumadi yaiku nyawijine wujud batine manungsa klawan wujud laire Pangeran. Sajrone paham *wahdatul wujud* antarane abdi klawan bendarane sejatine ora anane jurang kang misahake.

Endraswara (2003:37) ngandharake manunggaling kawula Gusti ana rong paham kang rada beda sajrone sufisme Jawa. Kapisan, manunggal (union mistik) laras klawan *Wahdatul Wujud*, yaiku Pangeran lan manungsa nyawiji dadi siji. Kapindho, jumbuh klawan *Wahdatul Suhud*, yaiku manungsa ngrasa bisa cedhak klawan Pangerane. Sejatine manunggaling kawula Gusti minangka pangalaman, dudu ajaran nanging pangalaman kang nyata, ora winates, bisa kedadeyan kanthi subjektif lan kolektif.

Kamanunggalane manungsa sajrone dimensi kapangeranan kang bisa ateges simbolik yaiku taate manungsa tumrap sekabehe prentahe Pangeran, saengga tumindake kaya-kaya minangka kersane Pangeran (Mul Khan, 2002: 146). Miturut sejarah islam, *wahdatul wujud* dimunculake dening Al Hallaj, asmane yaiku Husin bin Mansur Al Hallaj. Aspek *wahdatul wujud* kang diwulangake dening Al Hallaj ana telung golongan yaiku, *hulul* (Pangeran njelma ing awake manungsa), hakikat Muhammadiyah (*Nur Muhammad*) minangka asal usule samubarang, lan nyawijine sekabehe agama. Kamanunggalane manungsa karo Gustine ing jagade Islam kawastanan *wahdatul wujud* dene ing jagade Jawa kawastanan manunggaling kawula Gusti kaya kang kang wis diandharake mau.

Ngelmu Kasampurnan

Mul Khan (2002:176) ngandharake ana limang prakara kanggo nggayuh kabebasan. Kapisan yaiku ngenani asal usule panguripan, kapindho ngenani lawange

panguripan, katelu ngenani papane manungsa nalika wis mati sajrone alam kalanggengan, kapapat nuduhake manungsa ing alam kematian, yaiku kang dialami ing wektu saiki, lan kalima ngenani Dzat Kang Maha Luhur pangriptane bumi lan angkasa.

Andharan ngenani ngelmu kasampurnan ora bisa uwal saka andharan ngenani *insan kamil*. *Insan kamil* minangka tetembungan arab kang asale saka rong tembung, yaiku *insan* lan *kamil*. Miturut etimologine, *insan* tegese yaiku manungsa, dene *kamil* tegese yaiku sampurna. Mula *insan kamil* ditegesi manungsa kang sampurna.

Jamil Shaliba sajrone Nata (2008:257) ngandharake menawa *insan kamil* minangka sebutane manungsa mligine ngenani sipate dudu wadhage. Sabanjure ahli filosof ngandharake menawa *insan* minangka sebutane wong kang kanthi totalitas lan kanthi langsung tumuju marang sejatine manungsa. Dene *kamil* bisa ateges kahanan lan kaanan kang sampurna, kang bisa nuduhake marang sampurnane dzat lan sipat.

Tasawuf uga nduweni teges dhewe kanggo negesi *insan kamil*. *Insan kamil* minangka manungsa kang sampurna dideleng saka pangrembakane intelektual, rohaniah, intuisi, manah, akal, fitrah lan sapanunggal kang asipat batiniyah. Konsep *Insan kamil* miturut Ibnu Arabi digayutake klawan sumber historis dhirine Nabi Muhammad SAW, kanthi cara nirokake utawa miripake sipat-sipat mutlake Pangeran kang becik lan sampurna, manungsa bakal bisa nggayuh trap-trapan kasampurnan (Nata, 2003:262).

Hermeneutika

Endraswara (2008:42) ngandharake hermeneutika minangka upaya kanggo mangerteni tegese sastra kang ana ing walike struktur. Pamahaman tumrap makna, ora mung dumunung ing simbol, nanging uga ndeleng sastra minangka teks. Sajrone teks ana konteks kang asipat *polisemi*. Mula, carane yaiku kudu bali menyang teks lan konteks saengga bisa nemokake makna kang utuh. Upaya mahami teks kudu ngenali system “bolak-balik”. Yaiku panliti kudu nindakake *dekontekstualisasi* nindakakake *rekontekstualisasi*. *Dekontekstualisasi* yaiku langkah kanggo njaga otonomine teks nalika panliti nindakake panafsiran. Dene *rekontekstualisasi* yaiku langkah bali menyang konteks kanggo mangerteni lelandhesane tuwuhe teks.

Sariban (2015:49) ngandharake hermeneutika nduweni telung konsep. Konsep kang kapisan yaiku konsep simbol lan makna. Miturut konsep iki, karya sastra dumadi saka tembung-tembung. Tembung kuwi minangka simbol. Saben tembung asipat *konvensional* lan ora nduweni makna kanthi langsung tumrap pamaca. Maknane saben tembung asipat beda-beda gumantung kang ngucapake, mula maknane saben tembung ditemtokake dening tradhisi kabudayan saka dhaerahe dhewe-dhewe.

Dene konsep kapindho, konsep pamahaman lan interpretasi. Ana telung trap-trapan kanggo mangerteni teks, yaiku pamahaman saka simbol siji menyang simbol liyane, kapindho pawenehan teges tumrap makna, katelu mikir nggunakake simbol minangka *titik tolake*. Konsep

katelu saka hermeneutika yaiku konsep panafsirane pamaca.

Sosiologi Kultural (budaya)

Sosiologi lan kabudayan yaiku rong ngelmu kang ora kena dipisahake lan nduweni hubungan kang raket. Sosiologi ditegesi minangka ngelmu kang nyinaoni ngenani bebrayan. Banjur kabudayan ditegesi minangka daya cipta saka bebrayan kang nglebur kanthi wujud-wujud kabudayan. Miturut salah sawijine panemu, pamikiran sosiologis didhasari saka konsepsi yen pergaulan urip kang diwadahi dening bebrayan, kang nduweni inti saka interaksi sosial. Interaksi sosial kasebut minangka proses kang nuwuhake hubungan timbal balik antarindividu, antarkelompok, uga antarindividu lan antarkelompok. Saka proses kasebut bakal tuwuh kelompok sosial, kabudayan, lembaga-lembaga sosial, stratifikasi sosial, lan kekuwasaan lan wewenang, sajrone (Soekanto, 1993: 45).

Intertekstual

Ratna (2013:172) ngandharake panliten kang nggunakake teori interteks nggunakake cara kanggo nemokake sesambungan-sesambungan makna antarane teks siji lan liyane. Pamahaman kanthi intertekstual nduweni tujuwan kanggo mikolehi makna-makna sajrone teks kanthi jero.

Teew (sajrone Nurgiyantoro, 2002:50) ngandharake yen kajian intertekstual kuwi nduweni tujuwan kanggo mujudake tinthingan tumrap teks-teks kang nduweni wujud lan gegayutan tartamtu. Contone nemtokake anane unsur intrinsik kayata ide, *gagasan*, *kedadeyan*, *plot*, *alur*, basa lan sapanunggal. Mula tintingan interteks nduweni tujuwan nemtokake unsur-unsur tartamtu kang wis ana ing karya sastra sadurunge, amarga ana gegayutane marang unsur historis.

Julia Kristeva ngandharake yen saben diwujudake minangka mozaik pethikan-pethikan. Saben teks ora bisa madeg dhewe amarga anane teks mujudake gegambaran saka teks liyane. Tegese sawijining karya sastra ora njupuk sekabehe peranan saka teks liya, nanging mung njupuk peranan tartamtu (Teew, 2013:113).

Prinsip intertekstualitas miturut Julia Kristeva yaiku prinsip mangerteni lan menehi makna tumrap karya kang gegayutan. Prinsip lan kaidah intertekstual miturut Kristeva yaiku 1) interteks nyawang sajrone teks ngemot teks-teks liyane, 2) interteks nitingi sawijine karya adhedhasar unsur pamangune kayata tema, alur, basa, lan unsur liyane kayata sejarah, budaya, agama, lan sapanunggal. 3) teori interteks nyawang anane sawijine teks adhedhasar anane teks liyane, 4) kang digatekake sajrone interteks yaiku ngregani mlebu unsur-unsur teks liya marang sawijine teks.

BAB III

METODHE PANLITEN

Panliten sajrone bab iki ngandharake metode panliten kang diperang dadi enem subbab, yaiku ancangane panliten, obyek panliten, sumber dhata lan dhata, instrument panliten, teknik lan prosedur pangumpulaning dhata, lan prosedur panliten. Kanthi trap-trapan metode mau, diajab bisa mujudake panliten iki.

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Pangeran lan Kapangeranan sajrone Serat Ngabdul Jalil” mujudake panliten kanthi metode deskriptif kualitatif. Deskripsi mujudake gambaran ngenani salah sawijining bab kanthi migunakake ukara kang cetha lan rinci (Sudaryanto, 2001:229). Deskriptif nduweni teges prakara kang nduweni sipat nggambarake, dene kang digambarake awujud tembung-tembung utawa gambar lan dudu angka. Semi (1993:24) ngandharake menawa panliten kang asipat deskriptif arupa rerangene tetembungan dudu kang diandharake nggunakake angka-angka. Dheskriptif mujudake sawijine metode kanggo niliti sawijine kahanan, pamikiran utawa trap-trapane prastawa ing wektu saiki. Tujuwane metode iki yaiku kanggo nggawe deskripsi (andharan), gambaran utawa lukisan kang runtut, bisa dipercaya ngenani bebener, sipat, lan gayutane prastawa kang diteliti (Nazir, 1988:38).

Dene panliten kualitatif Moleong (2007:6) ngandharake panliten kang dimaksudake kanggo mangerteni tandha-tandha ngenani apa kang dialami dening subjek panliten kayata tumindak, persepsi, motivasi lan sapanunggal. Moleong (1991:48) ngandharake panliten kualitatif nduweni titikan 11 karakteristik, dene karakteristik kang laras klawan panliten iki yaiku: 1) Manungsa minangka piranti, 2) Metode kualitatif, 3) Deskriptif, lan 4) Anane wates kang katemtokake dening fokus.

Masalah kang bisa diteliti dening panliten kanthi metode deskriptif kualitatif ngener marang studi *komparatif* (pambandingan) lan studi *korelasional* (gegayutan) antarane unsur siji klawan unsur liyane. Kagiyatan kang ditindakake kanthi metode iki yaiku pangumpulane dhata, *interpretasi* (penafsiran) dhata, lan pungkasan dirumusaké kanthi dudutan kang gayut klawan analisis dhata.

Gayut karo andharan mau, panliten iki nganalisis teks sastra kang dadi obyeké panliten. Kanggo nganalisis teks sastra mau, tintingan utawa analisis dilakoni kanthi nengenake prinsip-prinsip metode kualitatif sarta ancangan hermeneutik. Pamarekan hermeneutik minangka aplikasi sipat kualitatif ing panliten iki kang nengenake aspek penafsiran utawa interpretasi. Panliten iki uga nggunakake pamarekan intertekstual yaiku pamarekan kang mbandhingake teks loro kang dinuga nduweni gegayutan.

Panliten iki nggunakake pamarekan intertekstual amarga panliten iki kejaba ngandharake wose *Serat Ngabdul Jalil* uga bakal ngandharake sesambungane klawan *Sufisme Syekh Siti Jenar*. Pamarekan iki bakal digunakake kanggo mangerteni pepadhan lan pambeda antarane *Serat Ngabdul Jalil* lan *Sufisme Syekh Siti Jenar* ing babagan manunggaling kawula Gusti.

Sumber Dhata lan Dhata

Panliten iki nggunakake sumber dhata kang arupa dhata pustaka, lan dhata kasebut diperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku prakara-prakara kang bisa dipikolehi kanthi langsung saka sumber dhata. Sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku arupa teks transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* kang

diterbitake dening Departemen pendidikan dan Kebudayaan taun 1997. Serat iki rinakit saka 15 pupuh kang dibukokake kanthi 146 kaca.

Sumber dhata sekunder minangka dhata kang luwih dhisik dikumpulake dening saliyané panliti, senajan dhata kang dikumpulake iki asli. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku buku *Sufisme Syekh Siti Jenar* mujudake reriptane K.H. Muhammad Sholikhin kang diterbitake dening Narasi Yogyakarta taun 2014. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki kanggo nyengkuyung dhata primer awujud tinthingan ing buku liya lan panliten ing internet kang gegayutan klawan underane panliten iki. Dhata sekunder panliten iki arupa buku-buku referensi kang gegayutan klawan isine teks transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* lan bisa nyengkuyung panliten iki.

Instrumen Panliten

Sawijine panliten mbutuhake instrumen kanggo ngumpulake lan ngolah dhata. Panliten teks *Serat Ngabdul Jalil* iki sing dadi instrumen yaiku manungsa (panliti) kang nduweni tugas kanggo maca banjur napsirake isine teks. Manungsa minangka instrumen kang nduweni titikan yaiku tanggap, fleksibel (nglarasake klawan kahanan), nengenake keaslian, nglarasake klawan pangrembakane ilmu, ngolah dhata kanthi cepet, merang lan nggunakake kalodhangan kanggo nggolek respon kang beda. Kalungguhane panliti sajrone panliten minangka instrumen utama ateges minangka panggagas rencana, panindak, pangumpul dhata, analisis, panafsir dhata, lan pungkasané palapure dhata sajrone panliten.

Teknik Pangumpulane Dhata

Teknik pangumpulane dhata mujudake langkah kang wigati sajrone panliten, krana tujuwan utama sajrone panliten yaiku kanggo mikolehi dhata. Teknik pangumpulane dhata dibutuhake sajrone panliten krana bisa digunakake panliti kanggo antuk dhata kang bakal diolah saengga bisa didudut. Teknik kang digunakake yaiku teknik pustaka kang nduweni tujuwan kanggo ngumpulake dhata kanthi piranti buku kang nyengkuyung, artikel, panliten-panliten sadurunge, lan sapiturute. Teknik kang ditindakake yaiku kanthi cara : 1) Maca teks transliterasi *Serat Ngabdul Jalil* lan *Sufisme Syekh Siti Jenar*, 2) Mawas dhata adhedhasar underaning panliten, 3) Ngelompokake dhata adhedhasar prakara kang ana ing underaning panliten.

Tata Cara Ngandharake Asil Analisis

Sajrone panliten iki, tata cara ngandharake asil panjlentrehane dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehane dhata, awujud laporan ngenani isi *Serat Ngabdul Jalil*, manunggaling kawula Gusti. Tatacara nyuguhake dhata asile panliten iki bakal disuguhake kanthi cara *informal*. Miturut Sudaryanto (1993:145) ngandharake cara nyuguhake dhata *informal* yaiku cara nyuguhake asile dhata kang wis dijlentrehake kanthi cara dheskriptif kang nggunakake tembung-tembung kang lumrah. Tata cara nyuguhake andharan lan njlentrehane dhata *informal*, kaya ing ngisor iki:

BAB I : Ngandharake pamurwane panliten, underan panliten, tujuwane panliten,

- paedah panliten, lan panjlentrehane tetembungan.
- BAB II : Ngandharake panliten kang saemper, tasawuf, syariat, tarekat, hakekat, makrifat, hermeneutika, lan intertekstual.
- BAB III : Ngandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panaliten, teknik pangumpulane dhata, tata cara ngandharake asil analisis.
- BAB IV : Ngandharake isi “Serat Ngabdul Jalil”, manunggaling kawula Gusti sajrone Serat Ngabdul Jalil, lan manunggaling kawula sajrone “Sufisme Syekh Siti Jenar”
- BAB V : Ngandharake dudutan lan pamrayoga.

BAB IV

ANDHARAN LAN ASIL PANLITEN

Ing bab IV iki bakal diandharake punjering panliten kang wis ditulis ing bab 1 kanthi nggunakake teori kang ana ing bab 2, mula asiling analisis dhata bakal diandharake kanthi cetha.

Sipate Allah

Wong Islam nalika yakin anane Allah, uga kudu mangerteni apa bae kang ana ing dzate Allah, salah sawijine yaiku Sipat Wajib Allah kang cacahé ana rong puluh. Sipat wajib minangka sipat kang wajib utawa kang mesthi ana lan mokal ora anane.

Ngabdul Jalil uga ngandharake sipat wajib Allah marang Juminah kang minangka murid kang nduweni kekarepan bisa nambah Allah kanthi ngelmu kang bener. Juminah yakin marang Ngabdul Jalil menawa apa bae kang diandharake dening Ngabdul Jalil kuwi bener. Saengga nalika Ngabdul Jalil ngandharake menawa wong kuwi kudu ngerteni sipat wajib Allah, Juminah mung nurut marang ngendikane Ngabdul Jalil.

- (1) “*Wajib sira ngawruhi,
Sipat wajib ha Allah,
Iya Yang Maha manon,
Kathahe pan kalih dasa,
Kang dhihin sipatra,
Aranira sipat wujud,
Tegese wujud iku ana.*”
(SNJ, Pupuh VI, pada 1)
- (2) “*Anane Allah sayekti,
Ping kalihe sipat kidam,
Iya kidam tegese,
Allah dhihin aranira,
Mokal kadhihinan Ngadam,
Punika ing tegesipun,
Sira wajin ngwaruhana.*”
(SNJ, Pupuh VI, pada 2)

Pethikan dhata nomer (1) kasebut nuduhake menawa Ngabdul Jalil mulangake sipat wajib Allah

marang Juminah. Sipat wajib Allah ana rong puluh. Sipat wajib Allah kang kapisan yaiku *Wujud*, kang nduweni teges ana. Anane Allah kuwi nyata, dadi ora mung omong kosong kang diandharake dening para leluhur. Ing pada kaloro, uga dijlentrehake menawa anane Allah kuwi nyata. Kita kudu yakin menawa Allah kuwi pancen ana.

Dhata nomer (2) nuduhake sipat wajib Allah kang kapindho, yaiku *kidam*. *Kidam* nduweni teges dhihin. Allah minangka kang paling dhihin sadurunge sekabehe ana. Ing pada mau dijlentrehake menawa Allah mokal kadhihinan Ngadam. Ngadam (Adam) minangka nabi kapisan kang diciptakake dening Allah. Mula, mokal menawa Allah kadhihinan dening Adam utawa saliyane Adam.

Sipat wajib Allah kang katelu yaiku sipat bakok. Bakok nduweni teges langgeng. Allah ora mungkin ajur, rusak, lan sirna. Saka anane kang dhihin, banjur tetep langgeng lan uga ora bakal rusak utawa sirna nganti kapan bae. Pupuh katelu mau uga nyebutake menawa Allah mokal kateknan Adam. Iki krana Allah kang nyiptakake Adam, mula ora mungkin Adam nyiptakake Allah krana Allah kuwi kidam.

Sipat kapapat disebutake ing pada (3) yaiku mul lapah lan malih lilkawadisi. Sipat wajib Allah kang kapapat yaiku *mukholafatun lilhawaditsi*. *Mukholafatun* nduweni teges beda, dene *lilhawaditsi* tegese yaiku kaya barang anyar. *Mukholafatun lilhawaditsi* nduweni maksud menawa Allah kuwi sipate beda klawan barang kang anyar utawa makhluk. Allah nduweni sipat, kakuwasan, lan kakuwatan kang ora padha klawan sipat, kakuwasan, lan kakuwatane makhluk kang minangka barang anyar. Mula ora mungkin lan mokal Allah kuwi padha sipate klawan manungsa, utawa barang liyane kang nduweni kakuwatan sing gedhene ngalahi apa bae. Sabanjure sipat wajib Allah kang kalima yaiku *qiyamuhu binafsihi*.

Sipat wajib Allah kaping enem yaiku *wahdaniyat*. *Wahdaniyat* saka tembung *wahidun* kang tegese siji, mula *wahdaniyat* nduweni maksud anane Allah mung siji ora wewilangan.

Sipat kapitu kang ana ing pada kaping enem yaiku *kodrat*. *Kodrat* nduweni teges Maha Agung. Allah Maha Agung nyipta apa bae kang dikersakake. Bukti nyatane Allah wis nyipta jagad kang dadi papan panggonan tumrap manungsa, kewan, lan tetanduran. Sipat kodrate Allah nuduhake menawa kabeh kang ana ing alam donya iki, lan sajabane donya iki minangka bukti kuwasane Allah, mula mokal menawa Allah apes lan ora kagungan kuwasa apa-apa.

Pada kapitu kasebut ngandharake sipat wajib Allah kang kaping wolu yaiku *irodat*. *Irodat* saka tembung *aroda-yuriidu* kang nduweni teges ngarepake. *Irodat* nduweni maksud Allah nduweni kersa nggawe utawa nyipta apa bae kang dikersakake. Kaya nyiptakake alam donya iki, Allah ora diprentah dening sapa bae. Banjur sipat wajib Allah kang kaping sanga yaiku ngilmu utawa ing basa Arabe *Ilmu*. Ilmu nduweni teges Maha Pirsapa apa bae kang ana. Allah pirsapa lair batine apa bae. lair batine manungsa lan barang apa bae kang diciptakake. Mula saka

kuwi, mokal menawa Allah kagungan sipat bodho utawa ora pirsapa apa-apa. Sipat wajibe Allah kang kaping sepuluh yaiku kayat utawa *hayat*. *Hayat* nduweni teges urip, maksude Allah kuwi urip, lan uripe tanpa nyawa kayadene manungsa. Menawa manungsa nalika nyawane dicabut bakal mati, beda klawan Allah kang tanpa nyawa, mula Allah ora bakal mati.

Sipat wajibe Allah kang kaping suwelas yaiku sipat *samak*. *Samak* saka tembung basa Arab *sami'a-yasma'u* kang tegese ngrungokake. Allah kagungan sipat samak kang tegese midhanget tanpa karna. Sipat wajibe Allah sabanjure yaiku *basar*. *Basar* tegese ndeleng. Allah kagungan sipat basar, mirsani tanpa netra. Sipat wajibe Allah kang kaping telulas yaiku *kalam* kang tegese dhawuh. Dhawuhe Allah kang dadi mukjizate Kanjeng Nabi Muhammad yaiku Al-Qur'an. Al-Qur'an ora diturunake kanthi langsung, nanging kanthi sithik mbaka sithik laras klawan fitrah lakune manungsa.

Sipat wajibe Allah kaping patbelas yaiku *qadiran* kang tegese Allah kang Kuwasa. Kang Maha Kuwasa akarya jagad iki, mula mokal menawa Allah apes akarya jagad. Sipat wajib sabanjure yaiku Muridan, tegese Allah kang ngrusakake. Ngrusakake akarya jagad iki tanpa diprentah sapa-sapa. Dadi mokal menawa Allah ora kagungan kakuwasan lan ora kagungan kersa tumrap apa bae kang ana. Sipat kang kaping nembelas yaiku sipat ngaliman utawa *'aliman* kang tegese Allah Maha Mirsani apa bae, lair batin. Sipat kaping pitulas yaiku kayat utawa *hayat*. *Hayat* tegese Allah iku urip, uripe tanpa nyawa kaya manungsa. Sipat kaping wolulas yaiku sipat samingan utawa *sami'an* kang tegese Kang Maha Midhanget. Pada kaping (13) lan (14) nuduhake menawa Allah kagungan sipat *'aliman*, *hayat*, lan *sami'an* lan mokal sipat suwalike kasebut ana ing dzate Allah.

Sipat wajibe Allah kang kaping sangalas yaiku *basiran*, tegese Allah mirsani tanpa netra, mula mokal Allah wuta. Sipat kang pungkasan yaiku *mutakalliman* kang nduweni teges ngendika. Allah mokal bisu. Sipat-sipat wajibe Allah kang cacabe rongpuluh wis dijlentrehake dening Ngabdul Jalil marang Juminah.

Nggayuh Wujude Pangeran

Manungsa nduweni kuwajiban mangerteni sekabehe sipat lan kuwasane Pangeran. Manungsa uga nduweni kuwajiban bisa nggayuh wujude Pangeran, krana ana tetembungan “manungsa kuwi bisa kadunungan dzating Pangeran, nanging aja darbe pangira yen manungsa mau bisa diarani Pangeran”. Tetembungan kasebut bisa dimangerteni menawa sejatine manungsa kuwi mujudake wewayangane Pangeran, ateges anane manungsa kuwi mujudake anane Pangeran.

Manungsa nduweni kuwasa ngatur sekabehe uripe, nanging kudu dingerteni menawa sumber sekabehe obah mosik kang ana ing jagad iki yaiku Pangeran. Menawa ana manungsa kang gumedhe ngrasa nduweni kadigdayan kang linuwih, ora bisa wong kuwi diarani Pangeran, mung dheweke kadunungan dzating Pangeran.

Saben manungsa kang sadhar menawa dheweke titahe Pangeran bakal nggayuh wujude Pangeran, nanging pepenginan kasebut uga dilarasake klawan tumindake. Raden Ngabdul Jalil sawijining kalodhangan matur marang Sunan Ampel menawa isih during terang anggone bisa mangerteni Pangeran.

(3) “*Dul Jalil alon aturnya,
mring Sunan Ngampel Gadhing,
gih Jeng Sunan tingal kawula,
mring Allah Kang Maha Suci,
punika dereng bening,
paningan mesih belawur,
Jeng Sunan nuli ngandika,
atimu pan mesih sakit,
jampenana racian limang perkara.*”
(SNJ, Pupuh II Sinom Pada 17)

Sunan Ampel Gading maringi pitutur menawa atine Raden Ngabdul Jalil isih ana kang lara, isih ana kang perlu diobati. Manungsa kudu mangerteni menawa dheweke kepengin bisa nggayuh wujude Pangeran, ati kang ana ing njero awake kudu resik saka sipat-sipat kang ora bener, uga kahanane ati kudu tansah eling marang panguwasane jagad. Pitutur Sunan Ampel tumrap Raden Ngabdul Jalil yaiku kudu nindakake limang perkara kanggo obate ati.

Limang perkara kanggo obate ati yaiku kapisan, maca Al Qur'an klawan maknane. Iki nduweni maksud supaya manungsa bisa tenang atine, krana Al Qur'an ora bisa diwaca kanthi kesusu lan kudu kanthi kahanan kang tenang. Kejaba kuwi kudu mangerteni maknane, tegese nalika manungsa maca dhawuhe Allah lan mangerteni tegese manungsa bakal paham apa kang diwaca, kudu seneng apa kudu sedhih. Menawa manungsa mung maca ora dibarengi klawan mangerteni maknane wong kasebut bakal ora mangerteni maksude ayat kang diwaca kasebut.

Perkara kapindho yaiku ngurangi pangan ateges pasa. Pigunane pasa kejaba apik tumrap awak uga apik tumrap ati, krana klawan pasa manungsa bisa nyegah hawa nepsune. Nepsu-nepsu kang ala bisa dikendhalekake lan ora bakal dilakoni. Tuladhane menawa nalika wong ora pasa lambene bisa ngomongake sapa utawa apa bae, nanging nalika pasa dheweke bakal mandheg anggone ngucapake samubarang kang ora perlu, luwih becik digunakake kanggo dzikir utawa maca Al Qur'an supaya pikantuk ganjaran.

Perkara kaping telu yaiku melek bengi kanggo tepakur marang Pangeran. Melek bengi dipercaya bisa nikelake taqwane manungsa marang Pangeran krana nalika wayah bengi bakal sepi saka swara-swara kang nggawe budhege kuping lan ati. Nalika wayah bengi, manungsa bakal luwih bisa ngrasakake kuwasane Pangeran, bisa ngrasakake cedhak marang Pangeran, lan bisa luwih eling marang Pangeran. Kejaba kuwi ana ayat kang ngandharake

menawa Pangeran kuwi bakal tumurun menyang bumi ing wayah wengi, mula nalika Pangeran ngersakake wong kang lagi melek bengi pikantuk pituduh, mesthi bakal kalaksanan.

Kejaba ngandharake obate ati supaya bisa meruhi dzate Pangeran, sunan Ampel uga ngandharake sarengat. Sarengat utawa syariat sajrone Serat Ngabdul Jalil yaiku pirantine wong mlaku kanthi tujuwan yaiku Allah. Syariat kang diwedharake dening Sunan Ampel marang Ngabdul Jalil nalika nyinaoni ngelmu kasampurnan. Syariat kang diwedharake ngenani saperangan rukun Islam.

Sarengat kang kapisan yaiku ngucapake syahadat. Syahadat mujudake panyeksenan dhiri menawa dhiri pribadhiné wis ngakoni Allah minangka suwiji-wijine dzat kang disembah, ora ana Pangeran kejaba Allah. Syahadat minangka syarat kang kudu ditetepi nalika wong mlebu Islam. Lapal kang kudu diucapake yaiku “*Laailaahaillallah, muhammadur rosulullah*”. Sing ngucapake nyekseni menawa ora ana Pangeran kang disembah kejaba Allah, lan Muhammad minangka utusane Allah. Allah minangka siji-sijine Pangeran kang kudu disembah dening kawulane. Lan kita kudu yakin menawa Muhammad minangka utusan kang nggawa agama Islam nganti bisa teka ing sakupunge kita.

Sarengat kang kapindho yaiku salat. Salat mujudake amalan kang kudu kita lakoni minangka titah Gusti Allah. Sawise kita ngucapake syahadat, kita nindakake salat minangka buktine kita nyembah Gusti Allah. Salat ditindakake kanthi cara ngadeg maca takbiratul ihram kang lapale Allahu Akbar. Allahu Akbar kang tegese Allah Maha Agung, kuwi minangka pratandha anggone kita bisa ngadeg kuwi krana kagungane Allah. Allah kang ngersakake kita bisa ngadeg. Allah kang ngersakake kita isih bisa nindakake salat tanpa nandang lara apa-apa. Sawise maca takbirotul ihram, banjur maca surat Al fatihah.

Sawise maca Al Fatihah, banjur nindakake rukuk kanthi maca tasbih. Rukuk kang wis dilakoni banjur disusul nindakake sujud kapisan banjur lungguh tahiyyat sujud maneh banjur salam. Tata lakune salat kaya mangkono diwulangake dening Sunan Ampel.

Salat-salat kang ditindakake dening Ngabdul Jalil yaiku salat wajib kaya dene kang ditindakake dening wong-wong umume. Salat wajib kang ana lima kuwi yaiku salat Subuh, salat Dzuhur, salat Ashar, salat Maghrib, lan salat Isya’. Saliyane salat wajib, Ngabdul Jalil uga nindakake salat sunat kayata salat sunat rolas rokaat sawise subuh kang diarani salat dhuha. Saliyane kuwi, Ngabdul Jalil nindakake salat rong rokaat sawise salat dzuhur, rong rokaat sadurunge salat Ashar, rong rokaat sawise salat Maghrib kang diarani salat Awabin. Dene nalika tengah wengi, Ngabdul Jalil nindakake salat rong rokaat kang sinebut salat tasbih.

Nalika wayah wengi tumeka, Ngabdul Jalil nindakake salat sunat rong rokaat kang sinebut salat tahajud. Salat tahajud dipungkasi dening salat witir kang gunggungé suwelé rokaat. Sawise nindakake salat witir, Ngabdul Jalil dzikir nganti tumekane fajar, banjur nindakake salat subuh. Sarengat kaping telu kang kudu ditindakake yaiku aweh jakat utawa zakat. Aweh zakat kang dimaksud menawa dideleng saka rukun Islam yaiku zakat fitrah. Zakat fitrah kang kudu diwenehake nalika ngepasi pungkasané wulan pasa. Zakat kang kudu diwenehake yaiku arupa panganan pokok laras klawan dhaerahe dhewe-dhewe. Bobot zakat kang kudu diwenehake saora-orane rong kilo setengah miturut ukuran kang ana ing Indonesia.

Sarengat kang kaping papat yaiku nindakake pasa ing wulan Ramadhan. Pasa wulan Ramadhan mujudake kuwajibane saben titahe Gusti Allah, kaya kang disebutake ana ing Al Qur’an Surat Al Baqoroh ayat 183. sarengat kaping lima yaiku munggah kaji tegese lunga kaji. Lunga kaji iki diwajibake tumrap wong kang wis mampu. Mampu iki nduweni arti mampu menyang Mekah lan mampu sangune kanggo nguripi dheweke ana ing Mekah uga sangu kanggo wong-wong kang ditinggalake ing omah. Nalika wong nduweni budhal kaji, nanging apa kang ditindakake kuwi njalari wong-wong kang ditinggalake ing omah ora bisa mangan krana sangune digunakake budhal, mula kuajiban kaji gugur. Budhal ngibadah kaji ditindakake ing wulan Besar utawa Dzulhijjah. Dene tata laku kang kudu ditindakake sajrone ibadah kaji yaiku ihram ing Arofah, banjur nguncalake jumrah ing Mina. Sawise nguncalake jumrah, banjur thawaf lan motong rambut.

Sarengat kang kaping enem yaiku mangan barang kang halal. Saliyane pangan, uga kabeh kang diduweni dening wong kang kepengin cedhak klawan Gustine kudu halal. Ora mung carane ngolah, nanging uga carane ngolehake barang mau uga kudu halal. Sarengat kang kaping pitu yaiku golek kanca kang apik. Kanca kang apik iki yaiku kanca kang slamet miturut panyawange agama. Kanca kang bisa nggawa nggawe kita cedhak marang prentah-prentahe agama. Nalika kita kekancan klawan wong kang seneng nindakake maksiyat utawa nglanggar syariate agama, mula sithik mbaka sithik kita uga bakal ketularan apa kang ditindakake.

Kapangeranan sajrone SNJ

Kapangeranan sajrone SNJ dituduhake kanthi keyakinan kang diarani wahdatut tauhid. Wahdatut tauhid yaiku kanthi ati kang mantep kawula bisa manunggal klawan Gustine. Sadurunge nduweni ati kang mantep kang bisa manunggal klawan Gustine, kawula luwih dhisik ngecakake trap-trapan kang wis kawedhar ing andharan sadurunge yaiku kanthi cak-cakane syariat, tarekat, lan hakekat. Dene trap-trapan sabanjure kang kudu digayuh dening kawula yaiku makrifat. Dhata nomer (4) lan sabanjure bakal njlentrehake makrifat kapangeranan miturut SNJ.

Sanubari kang maca,

(4) “Kawula tunggal ing Gusti,

*Gusti tunggal kawula,
Apan kumpul dadi sawiji,
Ing dalem kalimah Takbir,
Munajat mring Yang Agung,
Tan ana Gusti kawula,
Lebure papan lan tulis,
Pan umpama emas lawan dembaga.”*
(SNJ, Pupuh II Pada 3)

- (5) *“Wus ilang arane emas,
Ilang arane dembagi,
Dene ingkang gumebyar,
Cahyane mas sayekti,
Sira deneling lan titi,
Pasemone kang iku,
Pan Gusti dudu kawula,
Kawula pan dudu Gusti,
Allah iku kumpule tan pengepokan.”*
(SNJ, Pupuh II Pada 4)

Dhata nomer (3) mau nuduhake dene wahdatut tauhid kuwi nalika kawula lan Gustine wis kumpul dadi siji. Ora ana sebutan kawula lan Gusti, nanging anane kawula Gusti lebur dadi siji. Manunggale kawula lan Gusti dipindhakake kayadene papan tulis lan tulisan lan kayadene emas lan tembaga. Ora ana sebutane emas utawa tembaga, nanging anane cemlorote cahya kang sejati. Ora katon maneh kuwi mujudake cahyane emas utawa cahyane tembaga. Menawa sebutane emas ilang sebutane tembaga uga ilang, suwalike sebutane tembaga ilang uga ilang sebutane emas. Prelu kawuninga menawa Allah kuwi dudu kawula, lan kawula dudu Allah.

Pangeran kang Maha Tunggal nuduhake menawa wujud tunggal. Pangeran ana ing endi bae, bisa ing panguripan ing donya utawa panguripan ing alam langgeng. Pangeran dadi kang sinembah dening manungsa kanthi carane dhewe-dhewe. Kakuwasane Pangeran ana sajrone unen-unen “Adoh tanpa wangenan, cedhak tanpa senggolan”, kang tegese adoh tanpa wates, lan cedhak tanpa senggolan.

Adoh cedhake Pangeran marang manungsa gumantung marang carane manungsa nyedhaki Pangeran. Menawa manungsa ngupaya cedhak klawan Pangeran, mula Pangeran uga bakal cedhak. Nalika manungsa adoh lan ora ngupaya bisa cedhak marang Pangerane, mula Pangeran uga bakal krasa adoh. Manungsa bisa cedhak bisa nyumurupi Pangeran nalika manungsa nduweni ati kang resik lan suci. Mula nalika manungsa durung nduweni ati kang resik, utawa nduweni ati kang isih rusuh, dheweke ora bakal bisa cedhak marang Pangerane.

Zuhud

Zuhud mujudake tumindak sajrone urip kang saderma lan ora ngatonake urip kang abyor. Zuhud dituduhake dening tumindak kang ngadohi perkara-perkara kang nduweni sesambungan klawan donya. Biasane

ditindakake kanthi ora ngatonake anane seneng marang donya. Laku zuhud kang dikatonake dening Ngabdul Jalil kaya ing pethikan ing ngisor iki.

- (6) *“Dhedhekahira Raden Ngabdul Jalil,
Aranira wana Siti Jenar,
Wus dadi kang sumur,
Toyanira kelangkung wening,
Tumulya damel wisma,
Sumandhing lan sumur,
Inggal wisma wus dadya,
Mung nem asta payone ron jati,
Balungan kajeng dhadhap.”*
(SNJ, Pupuh III Pada 2)

Ngabdul Jalil ana ing wana Siti Jenar, banjur nggawe sumur kang banyune bening. Sawise kuwi nggawe omah kang ambane mung nem hasta, payone saka godhong jati, lan cengkorongane saka kayu dhadhap. Perkara iki ngatonake menawa Ngabdul Jalil nindakake laku zuhud. Ngabdul Jalil ora nggawe omah kang amba senajan papan kang digunakake minangka darbene dhewe. Menawa wong kang ora nindakake laku zuhud, mesthi dheweke bakal nggawe omah kang samba-ambane kanggo dheweke, nanging suwalike Ngabdul Jalil malah nggawe omah sing cilik. Perkara iki mbuktakake menawa Ngabdul Jalil urip saderma.

Manunggaling Kawula Gusti

Manungsa bisa tekan ing trap-trapan kamanunggalan menawa wong kuwi wis nduweni upaya kanggo ningkatake karesikan dhirine, yaiku upaya kanggo nyingkiri lan ngadohi apa bae kang nduweni sipat donyawu. Tujuwane manungsa ngresiki dhiri yaiku kang kapisan supaya bisa nggayuh sipat-sipate Allah, yaiku bisa asipat kanthi sipat-sipate Allah kang mulya. Trap-trapan iki kang nggawa manungsa bisa nglakoni laku kang diarani jumbuhing kawula Gusti. Tujuwan kang kapindho yaiku bisa nggayuh dzate Allah, yaiku ngenali Allah lumantar ma'rifat lan hakekat kang nggawa manungsa bisa tekan ing laku pamoring kawula Gusti.

Resesik dhiri supaya bisa nggayuh sipate Allah kuwi mbutuhake proses kang dadi tata lakune resesik dhiri. Proses kasebut yaiku kanthi nindakake dzikir lan wirid ngenani asmane Allah. Dzikir nduweni teges ora mung donga-donga tartamtu kang diucapake, nanging uga mujudake laku kajiwan kang nglebokake unsur semedi minangka perangan kang wigati sajrone laku kajiwan kasebut. Mula panyebutan tembung dzikir lan wirid wis ngemot teges anane laku semedi.

Laku dzikir mujudake kunci kanggo mbukak ati, menawa ati wis kabukak, mula pikiran-pikiran kang wicaksana bakal tuwuh ing pamikiranane. Nalika ati wis kabukak, mula sipat-sipate Allah bakal mlebu lan katon saka kahanane ati kasebut. Ati kasebut bakal mangerteni lan ngrasakake rasa welas asihe, kaendahahane, kabecikane, lan kasampurnane

Allah. Nalika ati wis sampurna krana wis kerep diresiki kanthi dzikrullah, mula wong kuwi bakal bisa nggayuh sipate Allah.

(7) “*Sanubari kang maca,
Kawula tunggal ing Gusti,
Gusti tunggal kawula,
Apan kumpul dadi sawiji,
Ing dalem kalimah Takbir,
Munajat mring Yang Agung,
Tan ana Gusti kawula,
Leburre papan lan tulis,
Pan umpama emas lawan dembagi.*”
(SNJ, Pupuh II Sinom Pada 3)

Dhata nomer (7) mau nuduhake menawa keyakinan kuwi ana ing sanubari utawa ing teleng ati, ateges manungsa yakin kanthi tumemen kawula bisa manunggal klawan Gusti, suwalike Gusti bisa manunggal klawan kawulane. Manunggale kasebut bisa tuwuh nalika wong ngucapake Allahu Akbar nalika takbiratul ihrom. Nalika wong ngucapake Allahu Akbar, pamikir lan pangrasane sautuhe kudu eling apa kang diucapake yaiku Allah Maha Agung. Atine kudu dikhususake kanggo siap madhep ing ngarsane Allah, saora-orane batine disiyagakake kanggo ngrasakake pangejawantahane Allah sajrone jiwane. Mula saka sumber liyane ana kang ngandharake Syekh Siti Jenar nate ngucapake Ingsun sejati, ing sun minangka wujud kepasrahan.

Rasa pasrah iki disebabake krana pribadhiné Syekh Siti Jenar pancen wis ngrasakake keagungane Allah, lan kakuwasane Allah, saengga laku syar’iah minangka tandha kepasrahan marang Allah. Sajrone ati kanthi niat lillahi ta’ala kudune manungsa ngrasakake, lan sengaja ngarepake keridhoane Allah saka kepasrahan kasebut. Kawula kanthi swasana batin kang wis kaya mangkono, nalika takbir kawula wis siyaga madhep ing ngarsane Allah. Jiwane kasebut kanthi tumemen mung madhep ing ngarsane Allah kang sinebut mati sajroning urip, ateges Allah wis dadi siji-sijine tujuwane urip.

Lumrah menawa kawula kanthi ibadah kang kebak dening keagungane Allah kasebut, dheweke bisa manunggal klawan Allah, bisa ngaturake kekarepan lan bisa oleh wangsulan apa kang dikarepake kasebut. Menawa ngagungake Allah mbutuhake kesadharan menawa Allah minangka sangkan paraning dumadi (*inna lillahi wa inna ilaihi raji’un*).

Nalika takbir, diharamake anggane mikirake kejaba Allah, kang ana ing pikiran mung Allah kang Maha Agung. Kabeh pikiran kang asipat donyawu kudu diilangake nalika salat amarga kabeh pikiran dipunjerake madhep ing ngarsane Allah (*tawajjuh*). Kawula kang wis ngrasakake bisa madhep ing ngarsane Allah bakal nduweni panganggep menawa kabeh kang ana ing donya iki cilik.

Kalebu awake dhewe katon cilik ing ngarepe Allah kayadene godhong kleyang kang ceblok tumumpang ana dalan. Wong kang wis ngrasakake keagungane Allah bakal ngrasa menawa dheweke cilik lan ora nduweni daya kakuwatan apa-apa. Kabeh kang dumadi ing donya iki miturut kersane lan kuwasane Allah.

Ora kabeh kawula bisa ngrasakake manunggal klawan Allah, bisa ngrasakake keagungane Allah lan ngrasa menawa dheweke cilik lan ora nduweni apa-apa. Perkara iki disebabake krana manungsa isih dialang-alangi dening pepalang kang ing donyane sufi sinebut *hijab*.

Hijab minangka pepalang kang malangi dalane para auliya’ tumuju dalan kasampurnan. *Hijab* iki ana telu, kaping pisan yaiku pamahaman ngenani agama kang mung ngener marang akal lan aspek lahiriyah, dadi kabeh dipunjerake ing laku lahiriyah bae. Kang kapindho yaiku pangrasa lan pamikir kang isih digubelake ing perkara donya, dadi isih ngrasa kepincut marang gumebyare donya. Ana kang isih kagodha marang bandha, pangkat, lan liya-liyane kang nggawe mata silau. *Hijab* kang kaping telu yaiku rasa ekas kang durung muncul ing ati, dadi kabeh ibadah kang ditindakake isih ana embel-embel sesuk bakal ana walese. Kamangka kang jenenge ekas kuwi, nalika manungsa ngetokakake apa bae kang dadi darbene, ngrasa kaya mbuwang rerusoh kang ana ing awake, dadi ora bakal ngarep-arepake walesan utawa tekane maneh.

Kawruh agama kang jero kang diduweni dening manungsa ora bisa diarani makrifat. Kadhangkala manungsa mangerteni ilmu-ilmu syariat lahiriyah, mangerteni ngelmu kapangeranan, mangerteni sipat-sipate Allah, nanging dheweke ora nate ngrasakake *tawajjuh* klawan Allah. Mula makrifat uga bisa digayuh kanthi lelaku. Lelaku kuwi kang bisa ndadekake manungsa bisa nggayuh manunggaling kawula Gusti, wahdatut tauhid lan mangerteni sejatine sangkan paraning dumadi. Ing laku iki, syariat ora mung aturan-aturan kang asipat resmi, ateges kang mung diwatesi minangka ritual agama. Dene cara kanggo bisa nggayuh laku syariat kuwi diarani tarekat, syariat iki kang dening Syekh Siti Jenar diandharake kudu nglewati proses tirakat utawa lelaku.

Sadurunge nindakake lelakon kasebut, kang sepisan manungsa kudu nyawang awake dhewe, ateges bisa mbenerake sekabehe tumindak kang wis dialami (*introspeksi dhiri*). Mawas dhiri iki bisa dilakoni kanthi cara ngeker hawa nepsu. Cara kanggo ngeker hawa nepsu iki yaiku kanthi laku eneng lan ening. Menawa laku eneng lan ening iki kasil ditindakake, manungsa kuwi bakal bisa pikantuk wahyu. Wahyu kasebut bakal nuwuhake tumindak-tumindak lan kawruh anyar ngenani kaluhurane budi minangka asile *tawajjuh* marang Allah. Mula saka kuwi manungsa bakal bisa tumuju marang Allah, manunggal klawan Allah, lan wis mangun manunggaling kawula Gusti.

Intertekstualitas Manunggaling Kawula Gusti sajrone Teks Serat Ngabdul Jalil lan Sufisme Syekh Siti Jenar

Konsep manunggaling kawula Gusti sajrone SNJ lan SSST nduweni tata laku kang meh padha. Pangalaman kamanunggalan mujudake perkara kang nduweni gegayutan klawan tujuwane manungsa diciptakake ing donya iki yaiku krana manungsa asale saka Allah, balike uga marang Allah. Kamanunggalan ngemot proses pamoksen kang diiringi dening kalanggengan utawa ginayutan klawan samubarang kang nyata. Alam kang ana ing antarane kalanggengan lan ginayutan klawan samubarang kang nyata ana alam kang disebut alam pati dening Syekh Siti Jenar.

Manungsa mati supaya bisa urip bebarengan klawan Allah. Pungkasane laku kasebut mujudake manunggaling kawula Gusti kang bisa dipindhakake pangilon klawan kang ngilon, tegese wewayangan kang ana sajrone pangilon minangka kawula, dene pangilon kuwi minangka Allah. Pamikiran iki kang nuwuhake anane pangira kang kliru menawa nalika Syekh Siti Jenar ngandharake “ingsun Allah (aku yaiku Allah)” sajrone mangsa *ekstasene*.

Kasalahpahaman kasebut ngandharake menawa Syekh Siti Jenar ngakoni dheweke minangka Pangeran, kamangka sejatine ora kaya mangkono. Proses kamanunggalan minangka kahanan kapangeranan, nalika kuwi kabeh pangucap lan tumindak mujudake pangejawantahane Allah. Wis cetha menawa Syekh Siti Jenar ora nate ngucapake menawa dheweke Pangeran kang wajib disembah lan ora nate ngongkon sapa bae supaya nyembah dheweke.

Rasa tunggal diandharake menawa mapan ana ing rong kalimah. Rong kalimah kasebut ora liya yaiku syahadat. Syahadat mujudake panyeksenan menawa ora ana Pangeran kejaba Allah kudu sinembah, lan menawa Muhammad utusane Allah kang nuduhake kakuwasane Allah. Sumber liya uga ngandharake menawa syahadat ora mung rong kalimah kasebut diucapake kanthi lancar, nanging kudune pancen diyakini kanthi tumemen. Nalika ngucapake syahadat kudune manungsa uga kudu yakin klawan tegese. *Asyhadu; tibaning rasa, ilaha; sejatining rasa, illallah; manunggaling rasa, Muhammad; asil karya kang maujud, Pangeran; sejatining urip. Padha klawan SNJ, SSSJ uga ngandharake sasahidan kang karangkum saka pethikan iki.*

(8) “*Ingsun anekseni Dzatingsun dhewe, satuhune ora ana Pangeran among Ingsun, lan nakseni Ingsun satuhune Muhammad iku utusan Ingsun, iya sejatine kang aran Allah iku badan Ingsun. Rasul iku rahsaning-Sun, Muhammad iku cahyaning-Sun, iya Ingsun kang eling tan kena lali, iya Ingsun kang langgeng tan kena owah gingsir ing kahanan jati, iya Ingsun kang waskitha ora kasamaran ing sawiji-wiji, iya Ingsun kang amurba amisesa, kang kawasa wicaksana ora kakurangan ing pangerti, byar: sampurna padhang*

terawangan, ora karasa apa-apa, ora ana keton apa-apa, mung Ingsun kang nglimputi ing ngalam kabeh, kalawan kodrating-Sun. (R.Ng. Ranggawarsita sajrone Sholikin, 2014:300).

Salat uga diwulangake sajrone sumber data sakloron. Salat mujudake amalan kang kudu kita lakoni minangka titah Gusti Allah. Sawise kita ngucapake syahadat, kita nindakake salat minangka buktine kita nyembah Gusti Allah. Salat ditindakake kanthi cara ngadeg maca takbiratul ihram kang lapale Allahu Akbar. Allahu Akbar kang tegese Allah Maha Agung, kuwi minangka pratandha anggane kita bisa ngadeg kuwi krana kagungane Allah. Allah kang ngersakake kita bisa ngadeg. Allah kang ngersakake kita isih bisa nindakake salat tanpa nandang lara apa-apa.

(9) “*Mukammadar rasulullahi, Kaping pindho iku salat, Apan salat pertingkahe, Ngadek takbirratul ihram, Kelawan maca Patekah, Tumulya rukuk sujud, Lungguh tahayut nuli salam.*”
(SNJ, Pupuh I Asmarandana Pada 43)

Katon saka pethikan kasebut menawa salat uga diwulangake dening Ngabdul Jalil kanthi aturan ngadek maca takbir, banjur maca surat Al Fatihah, sawise kuwi rukuk lan sujud, dibacutake klawan lungguh tahiyat awal lan akhir, lan dipungkasi kanthi salam. Beda klawan salat kang diwulangake Syekh Siti Jenar sajrone SSSJ kanthi andharan kaya iki.

Salat kang diwulangake dening Syekh Siti Jenar ana rong jinis, yaiku salat tarek lan salat daim. Salat tarek yaiku salat thariqah, sadhuwure syari’at, yaiku salat kanggo wong kang durung bisa tumeka ing trap-trapan manunggaling kawula Gusti. Salat daim yaiku salat kang ora ana pedhote minangka akibat saka kamanunggalane, mula salat daim minangka asil saka pangalaman batin utawa pangalaman spiritual. Nalika wong durung bisa nindakake salat daim, dheweke kudu nindakake salat tarek luwih dhisik, kerana salat tarek isih sewates salat limang wektu.

SSSJ ngemot andharan menawa salat kang ditindakake dening Syekh Siti Jenar ana rong jinis. Salat tarek miturut andharan sajrone SSSJ bisa diamalake bebarengan klawan salat limang wektu, lan bisa diamalake kanthi cara dipisah. Senajan kaya mangkono, nanging kekarone nduweni tata cara wudlu kang beda. Wudlu kang ditindakake kanggo nindakake salat syariat (salat limang wektu) nduweni rukun perangan – perangan awak kang beda klawan wudlu kanggo salat tarek. Perangan awak kang kudu diusap kanggo salat limang wektu yaiku rai, tangan, saperangan sirah, lan sikil, dene perangan awak sajrone wudlu kanggo salat tarek kang kudu diusap yaiku rambut, lempitan awak, puser, dhadha, driji manis, kuping, bathuk, mbun-mbunan, lan unyeng-unyeng. Wudlu kanggo salat tarek padha dene adus gedhe.

Niyat salat tarek diucapake saben nindakake salat limang wektu. Saben salat nduweni niat dhewe-dhewe lan niat iki nggunakake basa Jawa. Kaya niyate salat subuh kang diwulangake sajrone SSSJ ing ngisor iki.

(10)

”Niyat kang kawitan :Niyatingsun salat, roh kudus kang salat, iya iku rohing Allah. Allah iku lungguh ana ing paningal, salat iku sajrone salat ana Gusti, sajroning Gusti ana sukma, sajroning suksma ana nyawa, sajroning nyawa ana urip, sajroning urip ana eling, pardhu ta’ala Allahu akbar, tetep mantep weruh ing awakku. (SSSJ, 2014: 311)

Niyat salat tarek kang bebarengan klawan salat subuh wis diandharake, dene salat tarek kang bebarengan klawan saliyané salat subuh uga nduweni niat dhewe-dhewe. Salat kang uga ditindakake Syekh Siti Jenar yaiku salat da’im, kaya kang wis diandharake mau menawa salat da’im ing SNJ Pupuh V, pada 3. Pada iki ngandharake salat da’im uga ditindakake kaya obahe awak ing salat syariat biyasa. Nanging diterangake menawa obahe awak wujude kaya tulisan “احمد”.

Ukara “احمد” nduweni teges lan pralambang dhewe-dhewe. Tegese aksara alif (ا) salat iki ditindakake kanthi posisi ngadeg tegak, dene aksara hak (ح) ditindakake kanthi posisi mbungkukake awak. Aksara (ر) nuduhake menawa salat ditindakake nggunakake posisi sujud yaiku nyelehake sirah sandhuwure bumi, mula wong sujud diibarate kaya wujude aksara mim. Dene aksara dal (د) minangka pralambange lungguhe wong salat kang mapanake sikile mancik bumi. Nanging disebutake ing pupuh kang nerangake bab kasebut menawa salat daim mujudake payembahan marang Kang Maha Kuwaos kanthi ora ana pedhote kang trap-trapane kaya kang kasebutake mau.

SSJ ngandharake salat daim kang meh padha klawan salat da’im kang diandharake sajrone SNJ. Salat daim sajrone SSSJ mujudake jeneng liya saka pasamaden. Wis disebutake sajrone SSSJ (2014: 407), menawa daim saka tembung sanskerta daiwan, dene tambahan tembung salat kang asale saka basa Arab mujudake panguwatan tumrap murid-muride Syekh Siti Jenar kang wis mengku agama Islam. Salat daim mujudake panyembahan tumrap Gusti kang ora kapedhot dening mangsa apa bae. salat daim mesti bebarengan klawan salat tarek. Nalika wong durung bisa nindakake salat daim, mula dheweke kudu nindakake salat tarek kanthi ati kang mantep. SSSJ (2014:407) ngandharake menawa salat limang wektu mujudake panyembahan lair, dene salat daim mujudake panyembahan batin, tegese nekad lan i’tikad manunggale pribadhi utawa sinebut loroning atunggil (kawula-Gusti, ingsun-Gusti).

Kejaba salat tarek lan salat daim, Syekh Siti Jenar uga nindakake salat kang gunggunge mung saroka’at. Salat iki ditindakake kanthi cara saroka’at salam lan ditindakake

ing tengah ratri nalika wulan purnama. Piwulang Islam ngandharake menawa salat kang saroka’at salam mujudake saperangan roka’ate salat witir kanggo panutup. Miturut Syekh Siti Jenar salat mau dudu salat witir nanging diarani salat ngatunggal, yaiku salat kang mitindakake kanggo nggayuh kamanunggalan klawan Gusti Allah.

Sasahidan sajrone Serat Ngabdul Jalil uga diandharake sadurunge yaiku panyeksenane kawula marang Gusti. Kawitan kawula kudu nyekseni menawa Gusti Allah siji-sijine Pangeran kang disembah kanthi tulusing manah, ora ana kang kuwasa kejaba Gusti Allah, lan nyekseni menawa Gusti Allah ngejawantah ing dhiri pribadhi manungsa. Kanthi ringkes bisa didudut menawa manungsa kuwi bisa kadunungan dzatE Pangeran, nanging aja nganti manungsa darbe pangira menawa manungsa kuwi bisa diarani Pangeran.

BAB V PANUTUP

Bab kang pungkasan iki, bakal diandharake ngenani dudutan saka panliten kang di tliti. Dudutan iki kajupuk saka andharan-andharan kang wis diandharake sajrone bab sadurunge. Saliyané kuwi uga diandharake ngenani pamrayoga kang gegayutam karo panliten iki.

Dudutan

Wujud lan isine SNJ iki awujud tembang macapat kang ana 15 pupuh. Pupuh kasebut kaperang kanthi pupuh I Asmarandana (76 pada), Pupuh II Sinom (47 pada), Pupuh III Dhandhanggula (27 pada), Pupuh IV Mijil (17 pada), Pupuh V Sinom (12 pada), Pupuh VI Asmarandana (22 pada), Pupuh VII Dhandhanggula (39 pada), Pupuh VIII Asmarandana (14 pada), Pupuh IX Kinanthi (17 pada), Pupuh X Pucung (23 pada), Pupuh XI Sinom (7 pada), Pupuh XII Dhandhanggula (20 pada), Pupuh XIII Sinom (29 pada), Pupuh XIV Kinanthi (31 pada), lan pungkasan Pupuh XV Pangkur (26 pada).

Wujud lan isine SNJ iki awujud tembang macapat kang ana 15 pupuh. Pupuh– pupuh kasebut ngemot piwulang bab Pangeran sajrone SNJ kang diandharake kanthi sipat, kakuwasan, lan tata laku nggayuh wujuding Pangeran. Sipate Pangeran kang diandharake sajrone SNJ mujudake sipat wajib kang ana ing dzate Pangeran kang cacahé ana rong puluh. Dene kakuwasane Pangeran dumunung ana ing sipat jaiz kang ana ing dzate Pangeran. Tata laku kanggo nggayuh wujuding Pangeran kanthi telung trap-trapan yaiku syari’at, tarekat, lan hakekat.

Kapangeranan sajrone SNJ diandharake kanthi piwulang ngenani ngelmu sejati kang mujudake laku nalikane kawula wis bisa dadi pribadhi kang sejati. Kawula kang nyumurupi sipat lan kakuwasane Pangeran. Piwulang marang sapadha-padha ngenani manungsa aja melik barange liyan, dadi wong kudu bisa ajen-kinajen, manungsa ora oleh nduweni watek semugih, lan dadi manungsa aja seneng tumindak sawiyah-wiyah. Manunggaling kawula Gusti nduweni teges menawa manungsa wis bisa manunggal klawan dzate Pangeran, tegese apa kang ana lan nempel ing awake wis ora katon ing mripate. Kabeh mujudake pawujudane Pangeran.

Intertekstualitas manunggaling kawula Gusti sajrone SNJ lan SSSJ dituduhake kanthi laku sasahidan,

shalat, zuhud lan olah hening kang ditindakake dening Syekh Siti Jenar. Sajrone SSSJ Syekh Siti Jenar ngandharake menawa amalan kasebut mujudake ibadah formal kang ditindakake. Miturut Syekh Siti Jenar amalan syariat kasebut mujudake amalan kang wis palson kabeh. Maksud menawa nalika amalan kasebut ditindakake nanging atine ora madhep marang Gusti, mula amalan kasebut padha bae palsu. Kamangka amalan kasebut kudu dibarengi niat kang satuhu.

Pamrayoga

Tumrap kang ora mangerteni lakune Syekh Siti Jenar menawa piwulang kang digawa dening Syekh Siti Jena raja disujanani minangka piwulang kang luput, kang kesasar, lan kang ora patut ditindakake. Kita kudune tansah nyinaoni ilmu apa bae kang tujuwane supaya bisa luwih nyedhakake pribadhi kita marang Gusti Allah. Tumrap para pamaos, panliten iki isih akeh kurange, mula bisa dikembangake ing panliten liyane.

KAPUSTAKAN

- Bakhtiar, Amsal. 1999. *Filsafat Agama*. Jakarta: Logos Wacana Ilmu.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: Narasi.
- Fikriono, Muhaji. 2012. *Puncak Makrifat Jawa; Pengembangan Batin Ki Ageng Suryo mentaraman*. Jakarta: Noura Books
- Haeri, Syaikh Fadhlalla. 2000. *Jenjang-Jenjang Sufisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Machsun, Toha, dkk. 2008. *Khasanah Naskah-Naskah Jawa Pesisiran di Jawa Timur*. Sidoarjo: Balai Bahasa Surabaya.
- Mulder, Neils. 2001. *Mistisisme Jawa; Ideologi di Indonesia*. Yogyakarta: LKiS
- Mulkhan, Abdul Munir. 2002. *Makrifat Burung Surga dan Ilmu Kasampurnan Syekh Siti Jenar*. Yogyakarta: Kreasi Wacana.
- Nata, Abuddin. 2008. *Akhlaq Tasawuf*. Jakarta: Rajawali Pres
- Nurdiyantoro, Burhan. 2014. *Stilistika*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij NV. Groningen
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sangkan, Abu. 2009. *Berguru Kepada Allah*. Jakarta: Yayasan Shalat Khusus.
- Sariban. 2015. *Teori dan Penerapan Penelitian Sastra*. Surabaya: Lentera Cendikia Surabaya.
- Sudardi, Bani. 2003. *Sastra Suluk; Internalisasi Ajaran-Ajaran Sufi dalam Sastra Indonesia*. Solo: Tiga Serangkai.
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Tualeka, Hamzah dkk. 2011. *Akhlaq Tasawuf*. Surabaya: IAIN Sunan Ampel Press

Wahyudi, Agus. 2013. *Misteri Makrifat Syekh Siti Jenar*. Yogyakarta: DIVA Press

Ekawati, Siti. 2015. *Mistik Kejawen sajrone Naskah Serat Wirid Krajan (TintinganFilologi)*. Skripsi tidak diperjualbelikan. Surabaya: UNESA

Hayat, Faris Syaiful. 2012. *Nilai Sufistik sajrone Naskah Sayyidil Makrifat (TintinganFilologi)*. Skripsi tidak diperjualbelikan. Surabaya: UNESA

Pramusinta, Isnaini Ditya. 2014. *Laku Asketik sajrone Kitab Bab Asale Manungsa*. Skripsi tidak diperjualbelikan. Surabaya: UNESA

Setiawan, Huda. 2012. *Ajaran Sufisme sajrone Naskah Syarah Minhajul Atqiya'*. Skripsi tidak diperjualbelikan. Surabaya: UNESA

Tadayan, Anifah Dakau. 2015. *Sufistik dalam novel sastra jendra hayuningrat pangruwating diyu*. Skripsi tidak diperjualbelikan. Surabaya: UNESA